



Leonard V. Moore Middle School



Ms. Tomeeko Hunt
Principal
thunt@roselleschools.org

Mr. Kyle McCormick
Vice Principal
kmccormick@roselleschools.org

Ms. Dana Ockimey
Vice Principal
dockimey@roselleschools.org

Rapèl Biwo Sante

1ye fevriye 2023

Chè Paran/Gadyen,

Elèv ki enskri nan 5yèm ane kounye a DWE montre dokiman ki montre yo te resevwa vaksen anplis yo anvan yo antre nan 6yèm ane. Dapre N.J.A.C. 8:57-4 Chapit 14: Vaksinasyon pou Elèv ki nan Lekòl yo, pitit ou a oblije resevwa vaksen ki endike anba la yo. Règleman amande nan N.J.A.C. 8:57-4 Endike sa ki annapre yo:

Pou elèv klas sizyèm ane ki gen 11 an, kounye a lekòl yo dwe mande prèv yon sèl dòz la

- **Vaksen konjige menengokòk**
- **Vaksen TDAP**

Dapre N.J.A.C. 8-57-4 Chapit 14 (Obligatwa pou tout elèv nan NJ)

*Elèv ki gen 10 an lè y ap antre nan klas 6yèm ane, yo pral bay 2 semèn apre yo fin rive nan laj yo mande pou bay biwo sante a prèv vaksen an. Si w pa soumèt dokiman yo nan tan yo bay la, sa ap lakòz pitit ou a pa kapab ale lekòl jiskaske yo resevwa dokiman yo.

Tanpri kontakte founisè swen sante w la pou asire w ke vaksen yo disponib. Yo p ap aksepte okenn nòt si vaksen yo pa disponib. Tanpri fè aranjman apwopriye ak lòt founisè swen sante oswa klinik si sa nesesè.

Si w gen nenpòt kesyon ak/oswa enkyetid, tanpri kontakte Enfimyè Lekòl la, Madam Angel Hollis, ahollis@roselleschools.org . Mèsi paske w ede nou kenbe sante ak byennèt tout elèv nan L.V. Moore.

Sensèman,

Angel Hollis

Ms. A. Hollis, RN, BSN
School Nurse

Tomeeko Hunt

Ms. Tomeeko Hunt
Direktris

